

SÈVIS RAMASAJ DECHÈ



Chè Rezidan:

Depatman Jesyon Dechè Solid (DSWM) ofri w sèvis dechè ou ka konte sou li, chak jou. Pou rezidan mezon inifamilyal, sèvis sa yo gen ladan yo ramasaj dechè arebò lari de (2) fwa pa semen, ramasaj atik pou resiklaj arebò lari chak de (2) semèn, itilizasyon san limit 13 Sant Dechè ak Resiklaj Katye nou yo (TRC), de (2) ramasaj gwo dechè, itilizasyon Sant Ramasaj Pwodui Chimik Domestik, epi aplikasyon kòd.

Sa ki vini ansanm ak lèt sa a se yon "Avi Pwopozisyon Evalyasyon Taks Non-Ad Valorem". Lwa Eta a egijke nou enfòme w de pwopozisyon ogmantasyon Frè Ramasaj Dechè Rezidansyèl ki nesesè dekwa pou nou ka kontinye mentni sèvis ramasaj dechè ki esansyèl pou kominate nou an. Konsèy Komisyònè Konte a pral konsidere pwopozisyon frè a nan yon odyans publik ki planife pou 18 jiyè 2023 a 9:30 a.m.

Tanpri gade enfòmasyon adisyonèl pi ba la a sou pwopozisyon ogmantasyon frè ànyèl \$36 a epi pou ki sa li esansyèl. Nou devwe nou a misyon nou pou nou ofri sèvis eksepsyonèl ramasaj, resiklaj ak eliminasyon dechè; sèvis sa yo pwoteje e amelyore kalite lavi nan kominate nou an epi yo prezèv anviwònan nou an. Nou espere kontinye ofri sèvis esepsyonèl dechè ou atann e merite yo.

Sensèman,

Michael J. Fernandez
Direktè

PWOPOZISYON OGMANTASYON FRÈ POU SÈVIS DECHÈ

Pou kenbe menm kalite sèvis la, frè dechè solid Konte Miami-Dade yo ka ogmante apati 1ye oktòb 2023.

SA OU DWE KONNEN

Pou Pwopriyetè ki resevwa sèvis konplè, ogmantasyon \$36 a vle di \$3 anplis pa mwa.

Kliyan ki pa resevwa sèvis konplè yo pral wè ogmantasyon soti \$9 rive \$28 pa ane, toudepan de nivo sèvis yo resevwa a.



POU KI SA LI NESESÈ

Poutèt enflasyon ki lakòz ogmantasyon depans operasyonèl ak pèsònèl ki gen pou wè ak livrezon sèvis, efè alontèm pandemi an, ak yon gwo ogmantasyon mondal nan depans resiklaj, yon ajisteman pri nesesè pou kontinye sèvis ki esansyèl pou kominate nou an. Ogmantasyon frè sèvis dechè a va pèmèt depatman an kontinye ak nivo aktyèl sèvis la pou rezidan nou yo epi ofri estabilite finansyè a Fon Operasyonèl Ramasaj Dechè a pou asire ke nou kapab kontinye ofri sèvis esansyèl sa yo san rete.

SA OU VA RESEVWA

Nou va kenbe menm sèvis fyab pou kliyan ki resevwa sèvis dechè konplè: fatra arebò twotwa, sèvis resiklaj ak sèvis gwo dechè, plis aksè a Sant Fatra ak Resiklaj pandan tout ane a, sèvis aplikasyon kòd epi itilizasyon Sant pou depoze Pwodui Chimik Domestik.

Resous ki la espesyalman pou prevni depo fatra ilegal e pwoteje kalite lavi nan katye nou yo.

Katye ak kominate ki pi pwòp gras a pwogram depatman an patwone tankou pwogram "Ann Netwaye."

Plis pase 96 pousan to satisfaksiyon pou sèvis ramasaj fatra, resiklaj, ak gwo dechè.

ENPAK SOU SÈVIS LA SAN YON OGMANTASYON FRÈ

Tranzisyon de ramasaj fatra de (2) fwa pa semèn a ramasaj fatra yon (1) fwa pa semèn.

Fèmti kat (4) nan 13 Sant Fatra ak Resiklaj (TRC) yo.

Rediksyon nan kantite jou fonksyonman nan nèf TRC ki rete yo.

Eliminasyon pwogram Ramasaj Fatra ki gaye ak pwogram Sèvis Kominotè.

Eliminasyon ramasaj abdenwèl sou twotwa ak resiklaj abdenwèl.

Rediksyon nan sèvis Aplikasyon Kòd.

Eliminasyon kat (4) ekip ki fèk apwove pou depo fatra ilegal.

Eliminasyon pwogram resiklaj sou twotwa.

Nou pran angajman pou nou ofri sèvis eksepsyonèl ramasaj, resiklaj ak eliminasyon dechè pou tout rezidan nou yo. Pou plis enfòmasyon, vizite miamidade.gov/wastefee oswa rele 305-499-8738.

Pou jwenn enfòmasyon sa yo nan fòma ki aksesib, tanpri rele 305-514-6646.